

Vaksen kont Covid-19

Kesyon sou fètilite - Separe reyalyte ak fiksyon


Kijan vaksen COVID19- la fonksyone?

- Vaksen COVID-19 ede kò nou defann tèt li kont maladi COVID-19 la.
- Vaksen kont COVID-19 yo aprann kò w rekonèt viris ki lakòz COVID-19 la.
- Apre vaksinasyon an, kò w fè antikò (“selil konbatan”) ki rete nan san w pou pwoteje w si w vin an kontak ak viris la alavni.



Èske vaksen COVID19- ap chanje ADN mwen an?

Non. Okenn nan vaksen COVID-19 yo kominike oswa chanje ADN nou an (materyèl jenetik).



Èske vin malad ak COVID19- pi danjere pou moun ki ansent pase moun ki pa ansent?

Wi, moun ki ansent yo gen plis risk pou maladi grav, akouchman anvan tèm (akouchman ti bebe a pi bonè pase 37 semèn) epi pètèt pèt gwosès (foskouch). Fanm ansent ki pa vaksinen ak COVID-19 gen plis risk pou yo devlope maladi grav (pa egzanp, nemoni), entènè lopital, epi gen plis risk tou pou yon ogmantasyon nan admisyon nan swen entansif tibebe ki fèk fèt la. Lè w pran vaksen aktyalize 2023-2024 COVID-19 yo, sa ka pwoteje oumenm ak tibebe w la.

Èske vaksen COVID19- yo pral afekte fètilite?

Vaksen COVID-19 PA lakòz pwoblèm fètilite lakay fanm oswa gason. Si w ap eseye vin ansent kounye a oswa si w vle vin ansent alavni, yo rekòmande w pou w pran vaksen COVID-19 la.

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) pa rekòmande tès gwosès woutin anvan vaksen COVID-19, epi ou pa bezwen evite gwosès apre w fin resevwa yon vaksen COVID-19.

Èske mwen ka pran vaksen COVID19- si mwen ansent oswa si m ap bay tete?

Wi! Yo rekòmande vaksinasyon COVID-19 pou moun ki ansent, k ap bay tete, k ap eseye vin ansent kounye a, oswa ki ka vin ansent alavni.



Pou plis enfòmasyon:

covid19.nj.gov/vaccines
cdc.gov/covid19